

Lentera

RENgang pengalih nampi TREntrem
RAhayu

(Beristirahat sejenak menerima damai sejahtera)

Edisi Agustus 2024



Untuk kalangan sendiri

BAHAN PA GKJ Bejiharjo

*Diterbitkan oleh:
Bidang PWG GKJ Bejiharjo*

BAHAN PA 29 Juli – 3 Agustus 2024

1. Wekdal Ening
2. Kidung KPJ 360:1,2
3. Pandonga
4. Pamaosing Kitab Suci: Nehemya 1:1-11
5. Renungan

“Ndedonga Kangge Bangsa Lumantar Pakaryan Nyata”

Katrangan Sawetawis

Nami Nehemya tegesipun “Gusti Allah paring panglipur”. Nami punika kaagem minangka asma dhiri satunggaling priyagung sasampunipun pangawulan ing Babel. Ing kitab punika, kita namung nampi katrangan bilih piyambakipun putranipun Hakhalya (Neh. 1:1). Ananging miturut katrangan kitab 2 Makabe 1:18 – satunggaling kitab Deutrokanonika – Nehemya punika nyaosaken kurban. Menawi leres, ateges Nehemya punika satunggaling imam Yahudi rikala lelampahan pangawulan ing Babel. Sasampunipun pangawulan punika, Nehemya mboten tumut wangsul dhateng Yerusalem, ananging matur “...aku ana ing kedhaton Susan” (Neh 1:1). Kedhaton punika kedhatonipun sang Ratu Artahsasta lan piyambakipun lelados minangka juru pangunjukaning Ratu Artahsasta.

Satleraman, Nehemya punika mangro ing manah (mendua hati), awit minangka imam Yahudi, ananging ugi minangka juru pangunjukipun Ratu Artahsasta. Sadaya punika mboten leres! Pawartos saking Hanani bab kasisahan ageng ingkang nemahi tiyang sabangsanipun ndadosaken Nehemya lenggah ndheprok, muwun, siyam, lan ugi ndedonga dhateng Gusti Allah (Neh 1:4). Nehemya mitadosi pawartos saking Hanani amargi miturut Neh 7:2, Hanani punika saestu ajrih asing dhumateng Gusti.

Ing ayat 5-11 katedahaken pandonganipun Nehemya. **1)** Pandonganipun namung konjuk dhateng Gusti Allah ingkang Mahaagung sarta nggegirisi, ingkang ngantepi ing prasetyan saha ing sih-kadarmanipun, tuwin ingkang netepi ing pepakenipun (ay. 5). **2)** Srana matur “*mugi talingan Paduka tumilingna saha paningal Paduka mugi nguninganana*”, nedahaken pandonganipun Nehemya

punika mboten namung mawi pangucap, ananging ugi srana ing lampah ingkang nelakaken krenteging manahipun. **3)** Nehemya mboten nglepataken asanes, ananging nglenggana tumut ngakeni lepat menawi saestu tiyang sabangsanipun punika nindakaken kalepatan (ay. 6-7). **4)** Kanthi ngemutaken bab prasetyanipun Gusti dhateng Musa (ay. 8-9), nyethakaken pamanggihipun Nehemya bilih ngrimati patunggilaning bangsa mboten namung perkawis nasionalisme, ananging ugi perkawis ngrimati kapitadosan. **5)** Ayat 10-11 nelakaken krentegipun Nehemya paring pangatag dhateng tiyang sabangsanipun murih namung ngabekti dhumateng Gusti ingkang sampun paring pangluwaran.

Refleksi

“100% Katolik, 100% Indonesia” mekaten pitembungan saking Almh. Mgr. Albertus Soegijapranata, SJ, satunggaling tokoh ing gereja Katolik ingkang pinaringan kanugrahan minangka pahlawan nasional. Pitembungan punika ugi dipun lairaken ing Kongres Katolik Seluruh Indonesia tahun 1954. Kanthi mekaten, pangandikan punika lair ing satengahing kawontenaning negari ingkang dereng dangu luwar saking panindhosing bangsa sanes.

Ing satengahing Kekristenan piyambak, taksih wonten pamanggih bilih kapitadosan Kristen punika minangka kapitadosanipun bangsa sanes ingkang nate amisesa bangsa kita. Mila limrah menawi mijil pamanggih bilih tiyang Kristen punika mboten saestu nyengkuyung dhateng negari Indonesia. Sisih sanes, wonten pasulayan lan raos mangu-mangu, kedah setya minangka peranganing *de civitate terrena* (patunggilan kadonyan) utawi minangka peranganing *de civitate Dei* (patunggilang kaswargan).

Sinaosa pitembungan “100% katolik, 100% Indonesia” nampi mawarni-warni tanggapan, dadosa sarujuk punapa dene mboten, ananing Mgr Soegijapranata kados badhe ngambali malih pamrayoginipun Bapa Gereja Agustinus, supados pasamuwan dadosa *collaborator Dei* (mitra pakaryaning Allah ing bumi Indonesia punika. Wosipun, kadosdene Nehemya ingkang ngantepaken timbalaning gesangipun minangka imam srana lelados dhateng bebrayan ageng, makaten ugi tiyang pitados ing Indonesia punika prelu sami nelakaken kapitadosanipun srana tandang damel ing

satengahing bebrayan ageng. Srana makaten, pandonganipun pasamuwan sampun ngantos kalairaken ing pitembungan kemawon, ananging ugi kababaraken srana pandamel nyata.

Diskusi:

1. Kadosdene Nehemya peduli dhateng bangsanipun, prekawis punapa kemawon ingkang saged lan sampun katindakaken kangge nuwuhaken raos tresna dhateng negari ing manahipun warganing pasamuwan?
2. Ing pangibadah Minggon, asring kita ndongakaken bangsa lan negari Indonesia. Prekawis punapa kemawon ingkang perlu kita udi langkung malih murih langkung mumpangati kangge bangsa?
3. Ing mangsa wiwitan kamardikaning negari Indonesia, pasamuwan nelakaken wohing peladosan ingkang nyata karaosaken lumantar pawiyatan lan kesehatan. Nelakaken titisipun pasamuwan nanggapi kawontenaning bebrayan agung. Ing wewengkon peladosan pasamuwan kita, prekawis nyata punapa ingkang sapunika perlu enggal dipun tanggapi srana pakaryan nyata?
4. Kemandhirian pangan dados salah satunggaling prekawis ingkang dipun adhepi dening bangsa kita. Miturut panjenengan, punapa ingkang saged dipun tindakaken dening pasamuwan sapanggenan kangge nanggapi prekawis punika?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 360:3-4

7. Pandonga

BAHAN PA 5-10 Agustus 2024

1. Wekdal Ening
2. Kidung KPJ 352:1.2
3. Pandonga
4. Pamaosing Kitab Suci: Nehemya 2:1-9
5. Renungan

“Belaraos Minangka Patraping Gesangipun Duta Inggang Mulihaken lan Nganyaraken”

Kaisar Hirohito, pangagening Jepang rikala semanten ingkang kaanggep *manusia setengah dewa*. Kangge njagi kawibawanipun sang prabu, bangsa-bangsa sawetawis sami damel cariyos bilih sang prabu punika taksih titisanipun dewa. Sok sintena kedah atur sembah lan urmat dhateng sang prabu, kadosdene sembah lan urmatipun dhateng Gustining sarwa tumitah. Ananging sasampunipun perang dunia ingkang kaping kalih, panganggep ingkang makaten punika malik grembyang. Jepang mboten kuwawi ngadhepi kadigdayan negari-negari sekutu. 27 September 1945, Hirohito miyos saking keprabonipun sowan dhateng Jendral Douglas MacArthur minangka sesulihing para pangagening negari-negari sekutu. Hirohito atur *ojigi*, pakulinan bangsa Jepang ngasoraken badan (membungkukkan), dene MacArthur ngulungaken astanipun ngajak tangkep asta tuwin munjuk “*Welcome, Sir*”. Kekalihipun, sami nelakaken raos urmat.

Mundhi dhawuh saking negari-negari sekutu, MacArthur kedah ngrangket para penjahat perang Jepang. Hirohito kedah masrahaken daftar nami-naminipun. Ananging Hirohito munjuk bilih penjahat perangipun namung satunggal inggih punika “*kula*”, mboten sanes Hirohito piyambak. Hirohito masrahaken dhirinipun saha nglenggana supados bangsanipun mboten kaparingan tuntutan punapa-punapa. “*Ing kala samanten kula mangertos, bilih priya ing ngajeng kula punika inggih priyagung ingkang ambeg paramarta lan kebak ing kawicaksanan*”, makaten ingkang sinerat ing paseksinipun Douglas MacArthur (1964). Mila ing salajengipun, MacArthur boten nyerat asma dalem Hirohito minangka penjahat perang. “Kita perlu ngaosi Hirohito minangka maharaja tumrap rakyat Jepang, lan

mapanaken dirinipun minangka duta ingkang njagi esuhing patunggilaning bangsa punika”, makaten isining pamrayoginipun MacArthur dhateng negari-negari sekutu, kalebet Amerika Serikat.

Cariyos punika ngemutaken dhateng patrap urmat-ingurmatan antawisipun Nehemya kaliyan prabu Artahsasta. Artahsasta punika prabu ing Persia, dene Nehema punika tiyang Yahudi ingkang dados juru pangunjukanipun sang prabu. Kalenggahan minangka juru pangunjukan punika, inggih kalenggahan ingkang inggil lan wigatos. Minangka peladosipun sang prabu, Nehemya tetep urmat lan setya. Ananging Nehemya mboten saged nyelake raos tresnanipun dhateng bangsanipun ingkang nglampahi panandhang awrat. Ayat 2-5 nggambaraken kadospundi kekalihipun sami nelakaken kawigatosan. Pandangunipun sang prabu, “Anggonira lelungan iku bakal sapira suwene lan besuk apa anggonira bakal bali?” (ay 6) nelakaken bilih yektosipun raosing manahipun sang prabu owel, kawratan manawi kedah tinilar dening Nehemya, abdinipun. Ananging raos tanggjawabipun minangka sesirahing bangsa ingkang kedah mujudaken katentreman kange sesaminipun, ngeneraken sang prabu paring palilah dhateng Nehemya kangge bidhal dhateng kithaning para leluhuripun ngantos 12 tahun dangunipun, tuwin nyawisi sakathahing kabetahan murih pambangunaning kitha Yerusalem.

Patrap belaraos ing manahipun Douglas MacArthur tuwin Hirohito, ugi ing manahipun sang prabu Artahsasta tuwin Nehemya, tundhanipun nglairaken pulihing kawontenan lan sesambetan ing antawising sesami. Manah ingkang kebak ing belaraos punika kababar ing patrap ingkang nggadhahi kasumедыan kangge mapanaken diri minangka ngasanés, tuwin tumut ngraosaken panandhang lan bot repotipun sesami. Patrap belaraos punika ugi ingkang perlu sami kita tindakaken minangka duta ingkang mulihaken lan nganyaraken ing satengahing bangsa. Srana tumut tandang damel wonten satengahing pakaryan ing bebrayan ageng, kita boten namung badhe kasagedaken pepanggihan kaliyan sadherek kathah, ananging ugi badhe nemahi pinten-pinten prakawis kangge nggladhi diri kita nggadhahi patrap belaraos minangka duta ingkang mulihaken lan nganyaraken. Amin.

Diskusi:

1. Miturut pamanggih panjenengan, punapa gegayutanipun antawis patrap belaraos kaliyan pambudidaya mbangun bangsa lan negari Indonesia?
2. Kadospundi wujuding belaraos ingkang kedah kapratelakaken punapa dene sampun kapratelakaken ing satengahing pasamuwan mekaten ugi ing satengahing bebrayan ageng?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 357:1,2**7. Pandonga**

BAHAN PA 12-17 Agustus 2024

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 351:1,3**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: 1 Petrus 2:11-17**
- 5. Renungan**

“Ngurmati Praja”

Wulan Agustus punika wulan ingkang mirunggan tumrap bangsa Indonesia. Ing pengetan Kamardikaning Republik Indonesia kaping 79 tahun punika rakyat Indonesia sami mahargya pangluwaran saking panindhesipun bangsa-bangsa sanes. Kita kaengetaken bilih kita punika sampun mardika, mirungganipun sampun mardika saking panguwaosipun dosa. Sang Kristus piyambak ingkang sampun ngluwaru kita saking dosa, temah kita mardika. Pratandhanipun inggih punika bilih kita sedaya ngraosaken tentrem rahayu sinaosa kita aben ajeng kaliyan perkawis pergumulan. Lan rahipun Gusti Yesus ingkang sampun nebus kita punika ingkang nuntun kita supados kuwagang minangka abding kaleresan.

Minangka warga nagari, tiyang pitados kawulang supados nindakaken kuwajiban kanthi sae (ayat 12), taat dhateng pranatan-pranatan lan para pamimpin (ayat 13). Gusti Allah netepaken pamarentah kangge kasaenanipun umat manungsa sarta kaurmatanipun Gusti, ugi gegayutan kaliyan kadospundi sikepipun warga negari tumrap para pamimpin.

Pramila, lumantar waosan dinten punika kita kaengetaken bilih ngurmati lan taat dhateng pamarintah punika kersanipun Gusti dhateng kita. Bilih sasampunipun kamardikakaken, kita sedaya mboten saged ngginakaken kamardikan punika kanthi sewenang-wenang. Sarta selajengipun minangka warga nagari inggih punika kedah nindakaken: ngajeni sedaya tiyang (tiyang ingkang miskin, sugih, bodho, pinter), lan nresnani sedherek-sedherekipun (tiyang Kristen kaiket ing satunggal pasedherekan ingkang pranatanipun saking Gusti, sarta ajrih asih dhumateng Gusti (tanpa raos punika, mokal kewajiban punika badhe kelampahan). Sumangga kita

mbudidaya supados kita saged nindakaken kewajiban kita lan ngluhuraken Gusti minangka warga nagari Indonesia tumuju mangsa ngajeng ingkang sae.

Diskusi:

1. Presiden Soekarno nate ngendika "*Perjuanganku lebih mudah karena mengusir penjajah, tapi perjuanganmu akan lebih sulit karena melawan bangsa sendiri*". Kadospundi tanggapan panjenengan babagan pangandika punika gegayutan kaliyan kawontenan gesang berbangsa bernegara wekdal punika?
2. Tumindak sawenang-wenang utawi *menyalahgunakan* kamardikan punika kadospunapa kemawon wujudipun miturut panjenengan?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 362:1,2

7. Pandonga

BAHAN PA 19-24 Agustus 2024

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 345:1-2**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Jabur 101**
5. **Renungan**

“Pemimpin Inggang Ideal”

Kathahipun kasus *korupsi, penyalahgunaan jabatan*, lan *kebijakan* inggang sawenang-wenang inggang katindakaken dening para pejabat punapadene wakil rakyat ndamel kita sedaya pesimis wontenipun pamimpin inggang ideal. Limrahipun, nalika kampanye maringi janji-janji, namung nalika kapilih kados-kados sampun kesupen tumrap janji-janjinipun. Kita sampun milih pamimpin tumrapping bangsa kita Indonesia, milih wakil rakyat. Tamtu kemawon pangajeng-ajeng kita inggang sampun kita pilih punika estu pamimpin inggang jujur, tegas lan sumadya merjuangaken kepentinganipun rakyat.

Ing sejarahipun Israel, Dawud punika ratu inggang paling kasil lan paling dipun tresnani rakyatipun. Piyambakipun dados *standar kualitas* ratu ing Israel. Saupami kemawon Dawud gesang ing jaman samangke, tamtu dados pamimpin idaman. Sumangga kita gatosaken kualitasipun Dawud minangka ratu, Dawud punika: (1) ratu inggang sanget rohani (ayat 1). Ndadosaken Gusti punika inggang utami ing gesangipun. (2) ratu inggang jujur lan nggadhahi integritas (ayat 2-5). Dawud gesang kanthi tulus lan mbudidaya dados pamimpin inggang mboten cacat cela. (3) nggadhahi sikep tegas, kendel lan mboten kompromi kaliyan duraka (ayat 7-8). Tiyang awon badhe katumpes dening dawud. (4) sumadya merjuangaken kepentingan rakyatipun (ayat 6).

Ewa semanten, kita mangertos ugi bilih prabu Dawuh punika ugi manungsa winates inggang anggadhahi kakirangan punapa dene kawinatesan, ananging saking piyambakipun kita saged manggihaken gambaran pamimpin inggang ideal. Ing jaman samangke punapa taksih saged kita panggihi inggang kados mekaten? Katimbang kita namung ngarep-arep, prayogi kita wiwiti

saking dhiri kita piyambak. Mbok menawi kita sanes pejabat, ananging saged ugi pamimpin ing padamelan, masyarakat, keluarga, mliginipun pamimpin tumrap dhiri kita pribadi. Sumangga kita mbudidaya nggadhahi karakter pamimpin ingkang sae, jujur, lan saged dipun pitados. Kanthi tegas mboten kompromi tumrap dosa, saha dadosa pamimpin ingkang sumadya *berkurban* kangge tiyang ingkang kita ladosi.

Diskusi:

1. Wonten ukara "*Menjadi pemimpin bagi diri sendiri*". Kadospundi tanggapan panjenengan ukara punika? Lan kadospundi wujudipun menjadi pemimpin kangge dhiri pribadi?
2. Nyuraos bab pemimpin, sekedhap malih kita badhe ngadhepi Pilkada 2024. Menawi ngemuti cariyos Nehemya ing minggu-minggu sakderengipun, wonten Hanani minangka tiyang ingkang saged pinitados lan ajrih asih dhumateng Gusti. Lajeng kadospundi prayoginipun anggenipun kita cecawis mligi bab tiyang ingkang saged pinitados lan ajrih asih dhumateng Gusti?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 368:3-4

7. Pandonga

BAHAN PA 26-31 Agustus 2024

1. Wekdal Ening
2. Kidung KPJ 368
3. Pandonga
4. Pamaosing Kitab Suci: Lelakone Para Rasul 21:27-39
5. Renungan

“Antawis Hukum Agama lan Hukum Negara”

Negari Indonesia saged lestari amargi mboten ngecakaken hukum saking salah satunggaling agami ingkang wonten. Gesang sesarengan sabangsa punika panci nunggil saking kathah suku, basa, golongan, adat, kalebet agami. Hukum negara dados payung sadayanipun, njamin hak saha kuwajiban saben warga negari kangge gesang miturut agami lan kapitadosanipun piyambak-piyambak.

Wonten ing waosan kalawau, Rasul Paulus ngadhepi pandakwa. Swasana sakitha kisruh, tiyang-tiyang Yahudi ndakwa menawi Rasul Paulus damel najising Padaleman Suci ing kitha Yerusalem. Sokur awit komandan tentara Rum ingkang njagi kutha nylametaken Rasul Paulus saking tiyang kathah ingkang sedya nyedani piyambakipun. Rasul Paulus punika mangertos basa Yunani, malah wiwit lairipun sampun dados warga negari Rum, komanda tetara Rum wajib njagi kaslametanipun warga negari Rum.

Hukum negara punika panci kedahipun ngayomi saben tiyang, mapanaken punapa ingkang dados kuwajiban lan hak minangka warga negari kanthi adil tuwin leres. Mboten saged dumeuh kathah cacahipun lajeng tumindak maksakaken pepenginanipun dhateng golongan sanes ingkang namun sakedhik lan alit cacahipun. Kita sabangsa nate anggadahi pengalaman bab ngadhepi politik *identitas*, ingkang ngginakaken agama dados sarana utawi *kendaraan* kangge pados swara dukungan wonten ing pemilu. Kasilipun dados kisruh amargi tebih saking akal budi ingkang nenalar kanthi wicaksana, ananging ngemungaken kapitadosanipun piyambak-piyambak. Gesang sesarengan wonten ing satengahing bangsa mboten saged maksakaken satunggaling kapitadosan

dhateng sanesipun ingkang sampun gadhah kapitadosanipun piyambak-piyambak.

Milanipun, sadaya ingkang adil, leres, lan mbabaraken tentrem rahayu punika kita pitadosi pinangkanipun saking Gusti Allah. Kosokwangsulipun, sanajan ngaken minangka piwulang agami kepara atas asmanipun Gusti, menawi wohing punika rerusuh, karisakan, punapa saestu pantes sinebat saking Gusti? Temtunipun saged kapestekaken bilih sadaya punika namung nggugu pikajeng manungsa lan tebih saking karsanipun Gusti. Sumangga minangka peranganing warga negari Indonesia, kita tansah mbudidaya ngrimati kamardikan kanthi nengenaken gesang Bhinneka Tunggal Ika. Gusti mberkahi, amin.

Diskusi:


Mboten wonten pitakenan diskusi. Ananging saben kita saged sami andhum pengalaman iman linandhesan sadaya sabda lan piwucalipun Gusti ingkang sampun kita pirengaken. Mugia dados sarana kangge sami ngiyataken satunggal lan satunggalipun, nuwuhaken pangajeng-ajeng, saha ngraketaken patunggilan.

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 346B:1-2

7. Pandonga

Catetan:

Catetan



Iouhawerfiouhaw
Bidang PWG GKJ Bejiharjo
Copyright @ 2021